# Urıs qatnasıwshılarına mámleketimiz basshısınıń qutlıqlawı hám qımbat bahalı sawǵalar tapsırıldı

Ekinshi dúnya júzlik urısı qatnasıwshılarına mámleketimiz basshısınıń qutlıqlawı hám qımbat bahalı sawǵaları menen 12 million swm muǵdarındaǵı bir mártelik pul sıylıǵı tapsırıldı.
Ekinshi dúnya júzlik urısta erisilgen jeńiske 76 jıl tolıwı múnásibeti menen Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev búgingi paraxatshılıq zaman ushın mámleketimizdegi barlıq urıs qatnasıwshılarına óziniń tereń minnetdarshılıǵın bildirip, sawǵalar jiberdi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariev Qanlıkól rayonı turǵını Nametullaev Orazbay hám Qońırat rayonı turǵını Xojametov Qudaybergenlerdiń shańaraǵında bolıp mámleketimiz basshısınıń qutlıqlawın oqıp esittirdi, sawǵalar menen 12 million swm muǵdarındaǵı pul sıylıǵı saltanatlı túrde tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Shın mánisinde bayramǵa aylanǵan ilajda urıs jılların sáwlelendiriwshi qosıqlar bársheniń kewline kóterińkilik baǵıshladı.
Ushırasıw dawamında qaxarmanlarımız urısta Watan ushın bolǵan sawashlar hám onnan keyingi qızǵın miynet dáwirleri haqqında aytıp berdi. Búgingi tınısh zamanǵa shúkirshilik aytıp patiyaǵa qol jaydı.

Sonday-aq, urıs qatnasıwshılarına Ministrler Keńesi hám rayon hákimlikleri tárepinen tayarlanǵan sawǵalarda tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti